



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL
TERAKREDITASI (A) No.02.00/441/BAP-SM/X/2009
Jalan A.H. Nasution No.38A Telepon (022) 7832462 Cinambo Bandung



PENILAIAN HARIAN (PH)

KELAS : IV (EMPAT)

MATERI : BAHASA SUNDA

NAMA :

A. Pilih jawaban anu bener !

Baca paguneman di handap

Asih : "Basa libur kamari, Asih nganjang ka bumi Aki sareng Nini. Bumina di lembur. Tah, enjing-enjing, Nini maraban hayam. Parabna teh huut lembut di tinyuh ku Cai panas. Terus diamparkeun dina nyiru. Hayamna pasesedek ngariung nyiru. Geus kitu Nini nyarios ka hayam. Mapagahan"

Galih : "Nyarios ka hayam?"

Asih : "Enya, kieu cenah nyariosna teh. 'Kade ulah jarambah teuing ulin teh. Ulah bangor, ulah ngaruksak pepelakan batur. Mun geus burit gancang balik saurna bari ngusapan hayam"

1. Tokoh dina paguneman di luhur nyaeta ...

- A. Asih
- B. Galih
- C. Asih jeung Galih
- D. Nini jeung aki

2. Naon anu dicaritakeun ku Asih?

Nu dicaritakeun ku Asih nyaeta ...

- A. Kaayaan lembur Aki jeung Nini
- B. Pepelakan anu aya di lembur
- C. Kabiasaan Nini unggal isuk sok maraban hayam
- D. Kabiasaan Nini unggal isuk sok nyebor pepelakan

3. Caritaan Nini ka Hayam nyaeta ...

- A. "Kade ulah jarambah teuing ulin teh. Ulah bangor, ulah ngaruksak pepelakan batur. Mun geus burit gancang balik"
- B. "Hayam kudu gancang balik. Ulah bangor, sok ruksak pepelakan batur. Mun geus burit gancang balik"
- C. "Kade ulah jarambah teuing ulin teh. Ulah bangor, ulah ngaruksak pepelakan batur. Mun geus burit ulah gancang balik"
- D. "kade ulah jarambah ulin "

4. Baca kutipan carita di handap

Kamari waktu Udin jeung babaturanana baralik ti sakola, di jalan nenjo kuda rodana tikusruk. Kusah koseh teu bisaen hudang. Sabab rodana beurat teuing muatannana.

Numutkeun kana bacaan, waktu Udin jeung babaturanana baralik ti sakola. Udin ninggali kuda kusah koseh teu bisa hudang. Sabab ...

- A. Suku kuda tikusruk sabab beurat teuing muatanana
- B. Rodana tikusruk sabab beurat teuing muatanana
- C. Udin jeung babaturanana tikusruk sabab beurat teuing muatanana
- D. Geus capeun kudana

5. Kecap 'tulis' sanggeus ditambahan rarangken di- jadi ...

- A. di tulis
- B. ditulis
- C. dinulis
- D. menulis

Soal nomor 6 -9 tulis kecap dasar tina kecap di handap!

6. Diajar =

7. Disarung = ...

8. Diajak = ...

9. Diacuk = ...

B. Eusian titik – titik di handap ku jawaban anu bener !

Pilih kalimah di handap anu maké tanda baca koma anu bener!

Guru kelas 4.4 di SDN 172 Andir Kidul teh namina Wina Ilmayani,S.Pd.

Maulaya, nuju ngabagikeun buku basa Sunda.

Barudak nu pikèt poè Kemis nyaéta Rakha, Adilla, Fyerzy, Indira, Adit, jeung Elvan.

Wah, acukna Reifha saè pisan!

Aurel, hoyong mèsèr cimol tapi Milainka hoyong mèsèr batagor.

Adit sareng Kirey sakola, di SD Andir Kidul, Jl.A.H. Nasution No.38, Kota Bandung